Qaraqalpaqstan Respublikası' Taxtakópir rayonı' HAKIMININ` SHESHIMI		Qoraqalpog'iston Respublikasi Taxtakópir tumani HOKIMINING QARORI
Taxtako'pir tumani		Taxtako'pir rayoni

№ 791 2 - октябрь 2018 -жыл.

Район аймағындағы тоғайларда өрт қәўипсизлигин сақлаў ҳаққында

Тахтакөпир районында экологиялық орталықты жақсылаў ҳәм тоғайларды көбейтиў ушын өрттиң алдын алыў, оған қарсы гүресиўди күшейтиў мақсетинде, Өзбекстан Республикасының «Тоғай ҳаққында»ғы Нызамы (Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 17.04.2018й., 03/18/475/1078-сон)ның 15, 17 ҳәм 23-статьялары, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 6-статьясына тийкар,

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Тахтакөпир Тоғай хожалығының тоғай фонды аймағында 2018-жыл 30-октябрге шекем «Тоғайларда өрт қәўипсизлиги мәўсими» деп белгиленсин.

2. Тахтакөпир Тоғай хожалығы (Б.Турдыбаев):

тоғайларда өрт келип шығыўының алдын алыў мақсетинде тоғайларды гүзетиўди күшейтиў ҳәм қадағалап барыў;

өрт қәўипсизлиги талапларының бузылыўының алдын алыў, тоғайлардың әҳмийети ҳаққында пуқаралар арасында кең түсиник жумысларын жүргизиў;

тоғайларда өртке қарсы жолларды таза услаўға айрықша итибар қаратыў;

тоғайларға кирер орынларға арнаўлы ескерткиш белгилер қойыў ҳәм ескилерин жаңалаў;

тоғай фонды майданларында тәбийий ҳәм техникалық жағдайлардың алдын алыў, айрықша жағдайлар жүзеге келгенде тийисли жергиликли ҳәкимият органлары, районлық өртке қарсы гүресиў, ишки ислер бөлимлери ҳәм басқа кәрханалар менен биргеликте кешиктирип болмайтуғын илажлар ислеп шығып, олардың орынланыўын тәмийинлесин.

3. Аймақлардағы кәрхана, шөлкемлер басшыларына, дийқан ҳәм фермер хожалықлары баслықларына усы аймақларда жасаўшы халыққа тоғайлардағы тереклерди кестирмеў, оларды қорғаў ҳәм ҳайўанат дүньясын сақлаў, өртке қарсы ис-илажлар көриў, экологиялық орталықты жақсылаў бойынша жумысларды әмелге асырыў тапсырылсын.

4. Райондағы пуқаралар жыйынлары, фермер хожалықлары басшылары тоғай фонды жерлери менен шегараласқан атызлардың әтирапларын, жап

ҳәм салмаларды тазалаў ўақтында өрт келип шығыўының алдын алыў мақсетинде куўраған шөплердиң жағып жиберилиўине, тоғайларда қарамаллар, қой-ешкилерди бағып, жас нәллердиң зыянланыўына жол қоймаў шараларын көрсин.

5. Тахтакөпир районы Ишки ислер бөлими (Ө.Турдыбаев), Тахтакөпир Тоғай хожалығы (Б.Турдыбаев) менен биргеликте тоғай хожалығы аймақларында нызамсыз аў қылыўшы броконьерлерге, халықтың тереклерди өзбасымшалық менен шаўып алыў жағдайларына қарсы гүресиўди күшейтиў, анықланған нызамбузыўшылық жағдайларына тийисли шаралар көриў тапсырылсын.

6. Усы шешим районлық «Тахтакөпир таңы» газетасында ҳәм район ҳәкимлигиниң веб сайтында жәриялансын ҳәм жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары Т.Нурманов ҳәм Тахтакөпир мәмлекетлик тоғай хожалығы баслығы Б.Турдыбаевқа жүкленсин.

Тахтакөпир районы ҳәкими: **Ж. Адилов**